

**19 Daout 2020**

**Nouvo Tablodò Kanpis pou COVID-19; Tès Gratis sou Kanpis**

Chè kominote Inivèsite Maryland,

Transparans ak tès se de(2) mezi kle nan plan nou yo pou re-ouvèti grayèl kanpis la. Li enpòtan pou nou konprann ak swiv prezans COVID-19 la nan kominote nou an, epi nou dwe kontinye fè tès pou kowonaviris la pou nou ka redui pwopagasyon an.

Jodi a, mwen bay mizajou ak rapèl pou de(2) domèn kle sa yo, ansanm ak pataje ak kamarad Terps mwen yo enpòtans pou mete mask ak konpòtman sen 4 Maryland yo.

**TABLODBÒ KANPIS POU COVID-19**

Jodi a, nou lanse ofisyèlman [tablodò kanpis pou COVID-19](#) nou an ki pral bay kominote nou an done transparan ak alè sou prevalans COVID-19 la nan kanpis nou an, sou baz tès UMD administre yo.

Tablodò a pral bay endikatè esansyèl, ki gen ladan tès UMD administre chak semèn ak yon fason kimilatif; nouvo ka pozitif yo chak semèn; pousantaj pozitivite pou tès UMD administre yo; mezi dansite sou kanpis la; ak disponiblite kabann pou karantèn ak izòlman. Endikatè yo pral mete ajou chak semèn epi se yon pati enpòtan nan efò kontinyèl nou pou siveye ak konbat pwopagasyon viris la. Mwen ankouraje chak manm nan kominote nou an pou vizite tablodò a pou rete enfòmè sou prezans COVID-19 sou kanpis nou an.

**TÈS GRATIS COVID-19 SOU KANPIS POU ETIDYAN, PWOSESÈ AK ANPLWAYE**

Kòm rapèl, tout etidyan, pwofesè ak anplwaye yo dwe fè tès COVID-19 la nan 14 jou anvan yo retounen sou kanpis la. Etidyan yo pral gen obligasyon fè tès apre yo rive sou kanpis la. Anvan nou retounen sou kanpis la, nou ka fè tès nan lokalite nou, oswa patisipe nan youn nan aktivite tès gratis kanpis la k ap fèt nan estad Maryland lan. N ap fè tès nan plis pase 6,000 Terps semèn sa a; epi enskripsyon an toujou ouvri pou tès nan semèn 24 out (dat limit enskripsyon: jodi a) ak 31 out (dat limit enskripsyon: 26 out). Mwen rekòmande tout manm nan kominote inivèsite nou an k ap retounen sou kanpis [pou jwenn enfòmasyon sou sit tès yo nan zòn nou oswa enskri pou tès gratis sou kanpis](#) osito sa posib.

Anvan nou rive sou kanpis oswa zòn College Park la, n ap bezwen bay inivèsite a konfimasyon rezilta tès negatif COVID-19 la ke nou ka ajoute sou [return.umd.edu](https://return.umd.edu). Si tès nou an pozitif, nou pral oblije rete lakay, swiv direktiv CDC yo ak jwenn apwobasyon nan men founisè swen sante nou anvan nou vini sou kanpis la. [Jwenn enfòmasyon anplis sou kondisyon tès yo pou COVID-19 ak repons pou kesyon ki souvan poze yo.](#)

**4 MARYLAND**

Ankouraje ak adopte konnpòtman sen nan kad angajman "4 Maryland" nou an se kle pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la sou kanpis nou an. Premye konpòtman sen an - mete yon pwoteksyon figi - se yon eleman kle. Nenpòt moun sou kanpis la dwe mete yon pwoteksyon figi toutan anndan ak anplennè lè gen lòt moun ozalantou.

Tande kèk kamarad Terps sou rezon ki fè yo mete mask:

Videyo 4 Maryland

Pou ralanti pwopagasyon viris la, nou espere ke chak etidyan, pwofesè ak manm pèsònèl la pral respekte konpòtman sen yo:

- Mete yo pwoteksyon figi toutan lè nou anndan, ak anplennè lòske gen lòt moun ozalantou; (enfòmasyon anplis sou [mete yon mask oswa pwoteksyon figi sou kanpis](#) disponib, sa gen ladan lè nou dwe mete yon pwoteksyon figi, pwoteksyon figi ki akseptab yo, fason pou byen mete ak pran swen yo, ak disponibilite pwoteksyon figi yo pou kominote sou kanpis la)
- Lave men yo souvan ak pratike bon ijyèn pèsònèl;
- Pratike distans fizik lè nou rete nan yon distans omwen 6 pye ak lòt moun; epi
- Rete lakay si nou malad ak rapòte sentòm yo bay Sant Sante Inivèsite a ak doktè pèsònèl nou.

Jan mwen te di sa anvan, kapasite nou pou reprann kou premye sik an pèsòn yo pral depann, an pati, de adopsyon kominote nou pou konpòtman sen "4 Maryland" sa yo pandan premye de semèn ansèyman vityèl yo.

Tanpri kontinye [vizite umd.edu/4Maryland](http://vizite.umd.edu/4Maryland) pou mizajou sou semès otòn lan, [sa gen ladan repons pou kesyon ki souvan poze yo](#) sou edikasyon ak ansèyman, lavi etidyan, sante ak sekirite, resous imèn ak lòt.

Mèsi ak tout kominote sou kanpis nou an pou tout sa nou fè pou veye youn sou lòt, pou nou ka rete TerrapinSTRONG.

Ak tout senserite,

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland

Li